

" Kijan elèv ki pèdi pyès yo kapab fè pou rejwenn yo pou al enskri nan inivèsite? Kisa moun ki pèdi batiste ak tout lot papyè yo kapab fè? "

 Gason,  
25-35 ans, Jérémie, Grandans

" Tout papyè nesans, papyè tè yo pèdi ki sa n'ap fè kounya? "


 Gason,  
25-35 ans, Jérémie, Grandans



" Comment les élèves vont faire pour s'inscrire à l'université, puisque l'eau a emporté leurs papiers et que faire après la perte des actes de naissance et papiers notariés? "

 Homme  
25-35 ans, Jérémie, Grande Anse

" Qu' allons-nous faire après la perte de nos actes de naissance et les papiers notariés? "

 Homme  
25-35 ans, Jérémie, Grande Anse

## SÈTIFIKA / ACTES

REPONS

Moun ki pèdi sètifika, relve not ak lòt pyès ki gen pou wè ak lekol yo nan ouragan Matyou kapab ale nan **direksyon depatmantal ministè edikasyon nasyonal**, kote l'ap ranpli yon fomilè espesyal. Otorite Edikasyon Nasyonal yo ap resoti pyès sa yo pou li nan yon **delè ki pa long**.

Pou pyès tankou batistè, ak maryaj elatriye, moun nan dwe ale nan **biwo Ofisye Eta Sivil** kote li deklare ak la, si li an sèvis toujou. Si ofisye a pa disponib, li ka ale nan **biwo achiv nasyonal** ak 2 temwen. Li ka fè demann lan nan **legliz** kote li te batize a tou. Y'ap ba li yon sètifika batèm oubyen yon sètifika prezantasyon o tanp ki ap pèmèt li fè demand ekstrè a nan achiv nasyonal.

RÈPONS

**Les personnes dont les certificats, relevés de notes et autres pièces académiques ont été emportés par l'inondation doivent adresser une demande à la direction départementale, dans le département de résidence.** Ils pourront remplir un formulaire spécial, et les nouvelles pièces vont être livrées dans **un délai ne dépassant pas une semaine.**

Pour les pertes de documents civils comme acte de naissance et papiers notariés, la personne concernée doit se rendre au **bureau de l'officier de l'état civil**, ou l'acte a été déclaré. Au cas où l'officier ne serait pas de service, elle peut se rendre au **bureau des archives nationales**, accompagnée de deux témoins. La demande peut être faite aussi auprès de **l'église** ou le demandeur a été baptisé ou présenté au temple. Un certificat de baptême ou de présentation au temple lui sera remis, lequel lui permettra de faire la demande d'extrait aux archives nationales.

" Yo konseye nou ale nan yon zòn ki rele Bato pou n jwenn ed.

Nou depanse 200 goud pou peye moto, malgre sa nou pa jwenn anyen."

 Gason,  
40-55, Les Irois, Grandans



" On nous a conseillé d'aller dans une zone nommée « Bato » pour trouver de l'aide.

On a dépensé 200 gourdes pour prendre des motos, malgré tout nous n'avons rien trouvé."

 Homme  
40-55, Les Irois, Grande Anse

## ZON KI LWEN / ACCÈS

### REPONS

Akòz pwoblèm wout nan anpil zòn ki lwen, men tou akòz fenomen **piyaj** la, kote kèk endividi konn veye kagezon èd yo pou pran sa ki ladan yo, anpil fwa **distribisyon yo pa rive nan seksyon kominal yo**.

Anplis, **kantite èd la konn pa reponn ak kantite moun kap viv nan zòn sa yo**. Se pou sa, otorite yo anvizaje lòt **strateji**, nan lide pou **kolabore ak oganizasyon ki nan seksyon kominal sa yo**, ak **KAZEK** yo, nan lide pou pèmèt èd la touche zòn ki pi rekile yo.

### RÉPONSE

A cause d'un **problème d'accès à certaines zones**, mais aussi a cause des actes de **pillage**, les **distributions n'atteignent pas souvent les sections communales**.

De plus, le **volume d'aide n'est pas proportionnel à la densité de la population**. Les autorités envisagent une autre **stratégie visant à collaborer avec les organisations de base** dans ces localités, ou du moins les Conseils d'Administration des Sections Communales, **CASEC** afin que l'aide puisse toucher les localités reculées.

" Gen yon rimè kap kouri ki di ke yon gwo move tan pral separe Sid ak Grandans de rès peyi a. "

Fanm  
50-55 ans, Beaumont, Grandans

" Moun yo kwè ke lapli ya pral provoke yon Goudougoudou ak lanmè monte. "

Fanm  
35-45 ans, Corail, Grandans

" Yo di ke lapli pral tonbe anpil pandan twa jou e lap fè twa jou fè nwa. Dlo pral desan epi lap anvayi vil la. "

Fanm  
40-55 ans, Dame-Marie, Grandans



CLIMAT / TAN AN

" Les gens disent qu' un mauvais temps terrible séparera le Sud et la Grande Anse du reste du pays. "

Femme  
50-65 ans, Beaumont, Grande Anse

" Les gens croient que les pluies vont provoquer un séisme accompagné d' un tsunami. "

Homme  
35-45 ans, Corail, Grande Anse

"On dit qu' il y aura trois jours de fortes pluies et 3 jours d' obscurité. Les rivières seront en crue et inonderont la ville.."

Femme  
40-50 ans, Dame-Marie, Grande Anse

REPONS

Lide ki fè kwè ap gen yon katastwòf k ap separe departman Grandans lan ak rès peyi a, se pa vre ditou. Anplis, pa gen okenn rapo ant tranblemanntè ak siklòn.

Tranblemanntè se anba tè a li fèt, alòske siklon lan, se nan atmosfè a, kidonk, nan lè a. **Yon siklòn paka pwovoke tsounami.** Se yon tranblemanntè fo ki ka pwovoke tsounami, si fay la pase anba lanmè a.

Men, menm apre **sezon siklonik lan ki fenk fini 30 novanm nan**, kapab gen anpil lapli toujou. Sitou **pandan peryod fwon fret** la k ap rive jis nan fevrye.

RÉPONSE

L'idée selon laquelle une catastrophe séparera la Grand'Anse du reste du pays est fausse. De plus, il n'y a aucun rapport entre séisme et cyclone.

Le premier se fait au niveau de la terre et le second au niveau de l'atmosphère. Par conséquent, **un cyclone ne peut pas provoquer tsunami**, lequel est a 85% provoqué par un tremblement de terre de plus de 6.5 de magnitude et dont les failles traversent la mer.

Même après que la **saison cyclonique soit finie après le 30 novembre**, il peut toujours y avoir **beaucoup de pluie après**, surtout en raison de la **période des fronts froids** qui durera jusqu'au mois de février.

" Kolonbyen yo vini ak bato, yo remèt èd yo pote yo bay meri a pou l distribye bay tout popilasyon an, men responsab yo distribye yo bay zanmi yo."

 Gason,  
40-55, Les Irois, Grandans



" Les colombiens venant avec des bateaux ont remis des choses à la mairie pour toute la population, mais les responsables les ont données à leurs amis."

 Homme  
40-55, Les Irois, Grande Anse

## ED / AIDE

REPONS

Se vre yon delegasyon kolonbyen te debake nan komin Lèziwa. Touswit apre ouragan an, **gen plizyè peyi zanmi Ayiti ki te deside pote èd yo, san vreman pa t gen yon bon kowòdinasyon ak otorite yo.**

Lè èd ki te vini nan bato kolonbyen an **kowòdonasyon te manke**, men kounye a kowòdinasyon ak Pwoteksyon sivil amelyore anpil. Lè yo te remèt èd la bay KAZEK ak otorite Lameri yo pou fè distribisyonan. Men, li te piti anpil, pa rapò ak **kantite moun nan komin lan**. Se sa ki fè, kèk moun jwenn, epi lòt pa jwenn nan èd la.

RÉPONSE

Une délégation colombienne a vraiment débarqué dans la commune des Irois. Après le passage de l'ouragan, **des pays amis d'Haïti ont pris des initiatives particulières et isolées de distribution d'aide.**

Au début, **la coordination été difficile** avec la protection civile mais maintenant cela s'est amélioré. L' aide avait été remise à la mairie aux ASECs pour la distribution. Mais, **l'aide était largement insuffisante par rapport à la population**. C'est pourquoi elle n'a pas pu toucher tout le monde.